"JOURNAL OF SCIENCE-INNOVATIVE RESEARCH IN UZBEKISTAN" JURNALI
VOLUME 2, ISSUE 10, 2024. OCTOBER
ResearchBib Impact Factor: 9.654/2024 ISSN 2992-8869

# EKONOMIKANÍ INNOVACIYALÍQ RAWAJLANDÍRÍW SHARAYATÍNDA AYMAQLARDA SANAAT TARMAǴÍ ÓNDIRISIN RAWAJLANDÍRÍWDÍ JEDELLESTIRIWDIŃ NORMATIVLIK— HUQUQÍY TIYKARLARÍ

**Qurbanbaeva Nadira Amanbaevna** Menedjment qánigeligi 2 kurs magistrantı
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
kurbannodrabegim@gmail.com (+998938050325)

**Rezyume:** Maqalada mámleketmizdiń aymaqlarında júrgizilip atırǵan sanaat óndirisin innovatsiyalıq rawajlandırıw siyasatı, onı qollap quwatlawshı huqıqıy-normativler hújjetler analizlengen. Sonıń menen birge bul huqıqıy normativ hújjetlerdi toparlarǵa ajırıtqan halda tiysili tarawlar, tarmaqlar, aymaqlar hám kompleksler boyınsha úyrenilip olarǵa anıqlıqlar kiritilgen.

**Tayanısh sózler:** sanaat, sanaat óndiris, tarmaq, taraw, normativlik — huqıqıy hújjetler, sanaat ónimi, básekige shıdamlılıq.

# IQTISODYOTNI INNOVASTIYON RIVOJLANTIRISH SHAROYTIDA MINTAQALARDA SANOAT SANOAT ISHLAB CHIQARISHINI RIVOJLANTIRISHNI TAKOMILLASHTIRISHNI ME'YORIY — HUQUQIY ASOSLARI

Qurbanbaeva Nadira Amanbaevna Menejment mutaxasisligi 2 kurs magistrantı
Qoraqalpoq davlat universiteti
kurbannodrabegim@gmail.com (+998938050325)

**Rezyume:** Maqolada mamlakatimizning mintaqalarida olib borilayotgan sanoat ishlab chiqarishni innovatsion rivojlantirish siyosati, uni qo'llab quvvatlovchi huquqiy-normativ hujjatlar tahlil qilingan. Shuning bilan birga bu huquqiy normativ hujjetlarni guruhlarga ajratgan holda tegishli tarmoqlar, sohalar, mintaqalar va majmualar buyicha o'rganilib ularga aniqliqlar kiritilgan.

**Kalit so'zlar:** sanaot, sanaot ishlab chiqarishi, tarmaq, soha, normativ — huququy hujjatlar, sanaot mahsuloti, raqobatbardoshlik.

"JOURNAL OF SCIENCE-INNOVATIVE RESEARCH IN UZBEKISTAN" JURNALI
VOLUME 2, ISSUE 10, 2024. OCTOBER
ResearchBib Impact Factor: 9.654/2024 ISSN 2992-8869

# НОРМАТИВНО-ПРАВОВАЯ ОСНОВЫ СОВЕРШЕНСТВОВАНИЯ РАЗВИТИЯ ПРОМЫШЛЕННОГО СЕКТОРА ПРОИЗВОДСТВА В РЕГИОНАХ ДЛЯ ИННОВАЦИОННОГО ЭКОНОМИЧЕСКОГО РАЗВИТИЯ

Курбанбаева Надира Аманбаевна, магистрантка 2 курса специальности «Менеджмент»
Каракалпакский государственный университет
kurbannodrabegim@gmail.com (+998938050325)

**Резюме:** В статье рассматривается политика инновационного развития промышленного производства и поддерживающие нормативно-правовые документы в регионах нашей страны. При этом путем разделения данных нормативных правовых документов на группы были изучены соответствующие отрасли, отрасли, регионы и комплексы и даны к ним разъяснения.

**Ключевые слова:** промышленность, промышленное производство, отрасль, сфера, промышленность, нормативные правовые документы, промышленная продукция, конкурентоспособность.

# THE REGULATORY FRAMEWORK FOR IMPROVING THE DEVELOPMENT OF INDUSTRIAL PRODUCTION IN THE REGIONS FOR INNOVATIVE ECONOMIC DEVELOPMENT

Kurbanbaeva Nadira Amanbaevna, 2nd year master's student of the specialty "Management"
Karakalpak State University
kurbannodrabegim@gmail.com (+998938050325)

**Summary:** The article examines the policy of innovative development of industrial production and supporting legal documents in the regions of our country. At the same time, by dividing these regulatory legal documents into groups, the relevant sectors, industries, regions and complexes were studied and explanations were given to them.

**Key words:** industry, industrial production, industry, sphere, industry, regulatory legal documents, industrial products, competitiveness.

**Kirisiw.** Hár qanday mámlekettiń evolyuciyalıq tárepten ekonomikalıq rawajlanıwı arnawlı bir basqıshlardı basıp ótiwdi talap etedi. Ekonomikalıq tárepten bekkem bolmaǵan mámlekettiń social-ekonomikalıq rawajlanıwında sanaatlasıwdıń tólemligin baqlaw mumkin. Sebebi haqıyqattan da, mámlekette sanaat tarmaǵınıń rawajlanıwı tiykarınan tarmaq hám tarawlardıń rawajlanıwınıń tiykarı boladı.

"Ekonomikalıq rawajlanıw" teoriyasınan alıp qaraytuǵın bolsaq, daslep agrar sistemadan sanaatı rawajlanǵan islep shıǵarıw ukladına ótedi, sońınan óz ornın postindustrial (sanaatlasqan sistemadan xızmetler tarawı rawajlanǵan milliy ekonomikaǵa aylanadı) sistemaǵa bosatıp beredi. Házirgi waqıtta "Jańa ekonomikalıq rawajlanıw" teoriyasınıń tárepdarları mámleket evolyuciyalıq rawajlanıwınıń postindustrial ukladınıń "bilimler ekonomikası" esaplanıwshı - "innovciyalıq" yamasa "sanlı ekonomika" rawajlanıw basqıshına ótiwi haqqında oy-pikirler juritippekte.

**Tiykarǵı bólim.** Solay eken, rawajlanıp atırǵan mámleketler ushın óz evolyuciyalıq rawajlanıw jolında joqarıda keltirip ótilgen basqıshlardı basıp ótiwi kerek eken, demek dáslepki másele milliy ekonomikadaǵı ámeldegi resurs hám rezervlerden optimal paydalanıp onı keship ótiw aktual másele bolıp tabıladı. Buǵan baylanıslı ústin turatuǵın másele — milliy ekonomikanı sanaatlastırıw, industrial tarmaq rawajlanıwı strategiyasın qáliplestiriw bolip esaplanadı.

Dúnya júzlik jámiyetchiligine integraciyalasıp atırǵan Ózbekstan Respublikası ushın da ekonomikalıq rawajlanıwdıń tiykarǵı baǵdarların anıqlap alıw sıyaqlı zárúrli máseleler Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022 jıl 28 yanvardaǵı "2022-2026 jillarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstandi rawajlandırıw strategiyası haqqında"ǵı PP-60 — sanlı Pármanında belgilep berild.

Sonı ayrıqsha atap ótiw kerek, usı normativlik — huqıqıy hújjette Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bir qansha baǵdarları menen bir qatarda "Ekonomikanı rawajlandırıw hám liberallastırıwdıń baslı baǵdarları" bóliminde strukturalıq ózgerislerdi tereńlestiriw, milliy ekonomikanıń jetekshi tarmaqların, atap aytqanda sanaat óndirisin modernizaciyalaw hám diversifikaciyalaw esabınan onıń básekige shıdamlılıǵın asırıw máselelerine qaratılǵan oy-pikirler keltirip ótildi.

Bunnan tısqarı mámleket kóleminde sanaat óndirisin rawajlandırıwǵa tiyisli bir qansha normativlik-huqıqıy hújjetlerde islep shıǵıldı. Sonı da aytıw kerek, Ózbekstan Respublikasında sanaat óndirisin rawajlandırıwǵa tiyisli islep shıǵılǵan

normativ-huqıqıy hújjetler analizi, olardı tórt jóneliste klassifikaciyalaw imkaniyatın berd.

Dáslepki baǵdar, Ózbekstanda sanaat óndirisin arnawlı bir bir tarmaqların rawajlandırıwǵa qaratılǵan normativ-huqıqıy hújjetler bolıp tabıladı. Mámleketimizde sanaat óndirisin rawajlandırıw hám industrial tarmaqlardı rawajlandırıwǵa tiyisli ayırım normativ-huqıqıy hújjetlerdi 1-kestede keltirdik.

1-keste

**Ózbekstanda sanaat óndirisin rawajlandırıw hám industrial tarmaqlardı rawajlandırıwǵa tiyisli normativlik-huqıqıy hújjetler**

| № | Normativlik-huqıqıy hújjetler atı | Normativ-huqıqıy hújjetler nomeri, sánesi jáne onı qabıl etken shólkem atı |
|---|---|---|
| 1. | «2011-2015 jıllarda Ózbekstan Respublikası sanaatın rawajlandırıwdıń ústin turatuǵın baǵdarları haqqında» | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2010 jıl 15 dekabrdegi PQ-1442-san Qararında |
| 2. | «2017 — 2021 jıllarda kómir sanaatın jáne de rawajlandırıw hám modernizaciyalaw baǵdarlaması haqqında» | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017 jıl 13 iyundaǵı PQ-3054-san Qararı |
| 3. | «Ximiya sanaatın jáne de reformalaw jáne onıń investiciyalıq ózine tartımlılıǵın asırıw ilajları haqqında» | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019 jıl 3 apreldegi PQ-4265-san Qararı |
| 4. | «Toqımashılıq hám tigiw-trikotaj sanaatın jedel rawajlandırıw ilajları haqqında» | O'zR Prezidentiniń 2017 jıl 14 dekabrdegi PP-5285-san Pármanı |
| 5. | «Paxta -toqımashılıq islep shıǵarıwların jáne de rawajlandırıwǵa tiyisli qosımsha ilajlar aqqında» | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2018 jıl 19 sentyabrdegi 744-san Qararı |
| 6. | «2017 — 2021 jıllarda gidroenergetikani jáne de rawajlandırıw ilajları baǵdarlaması haqqında» | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017 jıl 2 maydaǵı PQ-2947-san Qararı |
| 7. | «Elektrotexnika sanaatın jáne de rawajlandırıw ushın qolalıy shárt-sharayatlar jaratıw hám tarmaqtıń investiciyalıq hám de kiris potencialın asırıw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında» | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019 jıl 30 maydaǵı PQ-4348-san Qararı |
| 8. | Kán-metallurgiya tarmaǵı kárxanalarınıń iskerligin jáne de jetilistiriw ilajları haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019 jıl 17 yanvardaǵı PQ-4124-san Qararı |

| | | |
|---|---|---|
| 9. | Qurılıs materialları sanaatın tupten jetilistiriw hám kompleks rawajlandırıw ilajları haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019 jıl 20 fevraldağı PQ-4198-san Qararı |
| 10. | **"Kán-metallurgiya sanaatı hám oğan baylanıslı tarawlardı rawajlandırıw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında"ğı** | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń **24.06.2021 yildagi** PQ-5159-san Qararı. |
| 11. | Sanaat óndirisinde shiyki zattıń úzliksizligin támiyinlew boyınsha qosımsha qolaylıqlardı jaratıw ilajları | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Qararı, 12.10.2022 jıldağı PQ-392-san |
| 12. | Toqımashılıq sanaatın finanaslıq qollap-quwatlaw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Pármanı, №PP-155, 02.09.2023 |
| 13. | Háqimshlik reformalar sheńberinde investiciyalar, sanaat hám sawda taraawında mámleketlik basqarıwdı nátiyjeli shólkemlestiriw ilajları haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Pármanı, №PP-111, 21.07.2023 |

Ózbekstan Respublikasında industrial tarmaqtı rawajlandırıwğa tiyisli qabıl etilgen normativlik aktlar hám shólkemlestirilgen-huqıqıy hújjetler klassifikaciyasınıń ekinshi toparına sanaat kárxanaların qáliplestiriwge tiyisli normativ — huqıqıy hújjetler kompleksi kirgizildi (2-keste).

2-keste

**Ózbekstan Respublikasında sanaat kárxanaların qáliplestiriwge tiyisli normativlik — huqıqıy hújjetler kompleksi**

| № | Normativ-huqıqıy hújjetler atı | Normativ-huqıqıy hújjetler nomeri, sánesi jáne onı qabıl etken shólkem atı |
|---|---|---|
| 1 | «Ekskavatorlar hám gusenicali texnikanı ońlaw zavodın qurıw investiciya joybarın optimallastırıw ilajları haqqında» | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 06. 01. 2017 jıl PQ-2719-san Qararı |
| 2 | «Shıyshe ıdıslar islep shığarıw zavodı qurılısın tamamlaw hám paydalanıwğa tapsırıwğa tiyisli qosımsha ilajlar haqqında» | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 20. 11. 2008 j. 251-sanlı Qararı |
| 3 | «Tebinbuloq káni negizinde kán-metallurgiya kompleksi qurılısı investiciya joybarın ámelge asırıw boyınsha islerdi shólkemlestiriw haqqında» | O'zR Prezidentiniń 2018 jıl 12 yanvardağı PQ-3473-san Qararı |

| | | |
|---|---|---|
| 4 | «Almalıq KMK» AJnıń basqarıw sistemasın jáne de jetilistiriw ilajları haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017 jıl 15 sentyabrdegi PQ-3280-san Qararı |
| 5 | «Qandim toparına kiretuǵın kánlerdi tártipke keltiriw hám gazdı qayta islew zavodınıń qurılısı boyınsha" texnikalıq-ekonomikalıq joybarınıń tıykarlanıwın tastıyıqlaw haqqında» | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2015 jıl 8 sentyabrdegi |
| 6 | «Farǵonaazot» akcionerlik jámiyetinde bar bolǵan quwatlardan nátiyjeli paydalanıw hámde ishki hám sırtqı bazarda talap joqarı bolǵan ónimleri islep shıǵarıwdı támiyinlew ilajları haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 27.07.2023 jıl №PQ-242-san Qararı, |

Mámleketimizde sanaat óndirisin rawajlandırıwǵa tiyisli qabıl etilgen normativ aktlar hám shólkemlestirilgen-huqıqıy hújjetler klassifikaciyasınıń úshinshi toparına aymaqlardı kompleks rawajlandırıw, sonıń menen birge industrial tarmaqtı rawajlandırıwǵa tiyisli normativ — huqıqıy hújjetler kompleksi kirgizildi (3-keste).

3-keste

**Aymaqlarda sanaat óndirisin rawajlandırıwǵa tiyisli normativlik-huqıqıy hújjetler**

| № | Normativlik-huqıqıy hújjetler atı | Normativlik-huqıqıy hújjetler nomeri, sánesi jáne onı qabıl etken shólkem atı |
|---|---|---|
| 1 | 2019 — 2022 jıllarda Tashkent wálayatınıń sanaat potencialın rawajlandırıw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2019 jıl 24 sentyabrdegi 802-san Qararı |
| 2 | 2016 -2018 jıllarda Tashkent wálayatı qalaları hám rayonların kompleks rawajlandırıw ilajları baǵdarlaması haqqında | O'zR Ministrler Kabinetiniń 09. 09. 2016 y. 291-sanlı Qararı |
| 3 | 2016 -2018 jıllarda Tashkent wálayatında ámel etiwshi sanaat kárxanaları quwatların modernizaciyalaw hám texnikalıq hám texnologiyalıq qayta qurıw hám de jańa investiciya joybarlardı qáliplestiriwdiń prognoz kórsetkishleri | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 09. 09. 2016 y. 291-sanlı Qararınıń 2-qosımshası |
| 4 | "2016 -2018 jıllarda Qashqadárya wálayatınıń Nıshan rayonın kompleks rawajlandırıw Mámleket programması" azıq-awqat hám azıq-awqatlıq emes | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Qashqadárya wálayatınıń Nıshan rayonın |

| | | |
|---|---|---|
| | tutınıw tovarları hám qurılıs materialların óndirislik quwatlıqların modernizaciyalaw, jańadan qurıw, texnikalıq hám texnologiyalıq tárepten jańalaw boyınsha investiciya joybarların mánzilli dizimi | kompleks rawajlandırıw ilajları haqqında" 2016 jıl 11 avgustdağı 258-san Qararıne 2-qosımsha |
| 5 | 2017 — 2019 jıllarda Tashkent qalasınıń Mırza Ullıbek rayonın kompleks rawajlandırıw programması | O'zR Ministrler Kabinetiniń 2016 jıl 12 dekabr degi 400-sanlı Qararı 1-qosımshası |
| 6 | 2019 — 2022 jıllarda Andijan wálayatınıń sanaat potencialın rawajlandırıw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2019 jıl 24 iyuldagi 622-san Qararı |
| 7 | 2019 — 2021 jıllarda Navaiy wálayatınıń Xatirchi rayonın kompleks rawajlandırıw ilajları bagdarlaması haqqında | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2019 jıl 22 iyuldagi 613-san Qararı |
| 8. | "Navaiy wálayatı Qızıltepa rayonında tájiriybe jol menende paxta shiyki onimin tereńnen qayta islewdi shólkemlestiriw ilajları haqqında" | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2017 jıl 25 mart dağı 158-san Qararı |
| 9. | 2019 — 2022 jıllarda Surxandarya wálayatınıń Qumqo'rg'on rayonın kompleks social-ekonomikalıq rawajlandırıw ilajları haqqında | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2019 jıl 15 oktyabr degi 871-san Qararı |
| 10. | "Respublika boysıııwındagi qalalardı kompleks social-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında" | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń2019 jıl 4 iyun dağı PP-5738-san Pármanı |
| 11. | Aymaqlardı kompleks social-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha sektorlar iskerligin jáne de jetilistiriwge tiyisli qosımsha ilajlar haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019 jıl 8 yanvar, PQ-4102-san Qararı |
| 12. | Qaraqalpaqstan Respublikasında isbilermenlik, innovaciyalıq texnologiyalar hám infrastrukturalardı jedel pátlerde rawajlandırıw arqalı xalıqtıń párawanlıǵın asırıwdıń qosımsha ilajları haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń, 31.08.2022 jıldağı PP-213-san Pármanı |
| 13. | Tashkent qalası Chilonzor rayonınıń sanaat potencilı hám investiciya tartımlılıǵın asırıwǵa tiyisli qosımsha ilajlar haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 04.07.2023. PQ--201-san Qararı, |
| 14. | «Jizzax walayatında quwatlılıǵı 450 MVt bolǵan puw-gaz elektr stanciyasın qurıw» investiciya joybarın ámelge asırıw ilajları haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 07.08.2023. PQ--267-san Qararı, |
| 15. | Surxondar`ya walayatında quwatlılıǵı 1500-1600 MVt bolǵan puw -gaz elektr stanciyası qurılısına tiyisli qosımsha ilajlar haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 05.07.2023. PQ-215-san Qararı |

| | | |
|---|---|---|
| 16. | 2023-2025 jıllarda Buxara walayatında paxta-toqımashılıq hám gálleshelik klasterleri hámde kesip alıúshılıqtı rawajlandırıwı arqalı xalıqtıń bántliligin támiyinlewge tiyisli qosımsha iljlar haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń, 05.07.2023 №PQ-214 san Qararı |

Bunnan tısqarı keleshekte respublikada sanaat óndirisin rawajlandırıw menen baylanıslı túrli ilajlardı qamtıp alǵan normativlik-huqıqıy hújjetlerde ulıwmalastırılıp, biz tárepimizden tórtinshi topar qáliplestirildi (4-keste).

4-keste

**Ózbekstan Respublikada sanaat óndirisin rawajlandırıw menen baylanıslı túrli ilajlardı qamtıp alǵan normativlik—huqıqıy hújjetler kompleksi**

| № | Normativlik—huqıqıy hújjetler atı | Normativlik—huqıqıy hújjetler nomeri, sánesi jáne onı qabıl etken shólkem atı |
|---|---|---|
| 1 | «O'zsanoateksport»AJ iskerligi natiyjeliligin jáne de asırıw ilajları haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017 jıl 16 avgustdaǵı PQ-3220 -san Qararı |
| 2 | Sanaat kooperaciyasın jáne de rawajlandırıw hám talap joqarı bolgan ónimler islep shıǵarıwdı keńeytiw ilajları haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019 jıl 1 maydaǵı PQ-4302-san Qararı |
| 3 | Erkin ekonomikalıq zonalar iskerligin aktivlestiriw hám keńeytiwge tiyisli qosımsha ilajlar haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2016 jıl 26 oktyabr degi PP-4853-san pármanı |
| 4 | Tender sawdaların shólkemlestiriwdi jetilistiriw ilajları haqqında | Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2000 jıl 21 noyabr degi 456 -sanlı qarari |
| 5 | Islep shıǵarıwdı modernizaciyalaw, texnikalıq hám texnologiyalıq qayta úskenelewdi xoshametlewge tiyisli qosımsha ilajlar haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2007 jıl 14 mart daǵı PP-3860 -sanlı pármanı |
| 6 | Xalıq aralıq shártnamalardı tastıyıqlaw haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 19. 06. 2017 PQ-3069 -san Qararı |
| 7 | Isbilermenlik iskerligin rawajlandırıwdı qollap-quwatlaw mámleket fondın shólkemlestiriw haqqında | O'zR Prezidentiniń 2017 jıl 17 avgustdaǵı PQ-3225-san Qararı |

| | | |
|---|---|---|
| 8. | Jergilikli kirip etiwshi shólkemlerdi jáne de qollap-quwatlaw hám sırtqı ekonomikalıq iskerlikti jetilistiriw ilajları haqqında | O'zR Prezidentiniń 2017 jıl 21 iyun dağı PQ-3077-san Qararı |
| 9 | Sawda-Sanaat Palatasınıń iskerligin jánede jetilstiriw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında | Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń, 23.01.2023 jıldağı PQ-15-san Qararı |

Sonı atap ótiw kerek, mámleketimizde sanaat óndirisin rawajlandırıw, jańa industrial tarmaqlardı qáliplestiriw, sanaat kárxanaların modernizaciyalaw hám olardı qayta úskenelew, ónimler eksportın asırıw menen baylanıslı jumıslar tikkeley investicion process penen baylanıslı. Sonday eken, sanaat óndirisin rawajlandırıwğa tiyisli qabıl etilgen normativ aktlar tikkeley investiciya iskerligin júrgiziwge tiyisli shólkemlestirilgen-huqıqıy hújjetler menen tığız baylanıslı túrde islep shığılıwı hám bir-birin tolıqtırıwı tábiyğıy. Ózbekstan Respublikasında da investiciya iskerligine tiyisli kóplegen normativ -huqıqıy hújjetler islep shığılğan bolıp, olardıń eń tiykarğısı bul “Investiciya iskerligi haqqında”ğı Ózbekstan Respublikası Nızamı esaplanadı.

**Juwmaqlaw.** Ulıwmalastırıp aytqanda, sonı da aytıw kerek milliy sanaattı rawajlandırıwğa tiyisli normativ hújjet, aktler hám basqa shólkemlestirilgen huqıqıy hújjetler, búgingi kúnde Ózbekstanda sanaat kárxanaların modernizaciyalaw, ónimler túrleri boyınsha islep shığarıúdı diversifikaciyawğa erisiw, sırtqı bazarlarda jergilikli sanaat ónimleriniń básekige shıdamlılığın asırıw hám onıń kólemin arttırıw imkaniyatın beredi.

## PAYDALANÍLĞAN ÁDEBIYATLAR

1. Калмуратов Б. С. Тенденции и приоритетные направления развития промышленности региона //Бюллетень науки и практики. – 2021. – Т. 7. – №. 12. – С. 215-220.
2. Калмуратов Бахтияр Сейтмуратович, Бектурдиев Максет Бекбергенович Формирование инновационной стратегии развития в

конкурентной среде строительной индустрии // Бюллетень науки и практики. 2021. №6. URL: https://cyberleninka.ru/article/n/formirovanie-innovatsionnoy-strategii-razvitiya-v-konkurentnoy-srede-stroitelnoy-industrii (дата обращения: 04.10.2024).

3. Kalmuratov B. S. Development strategy of an innovative management of the industrial complex of the Republic of Karakalpakstan //International Scientific Journal Theoretical & Applied Science. – 2021. – Т. 93. – №. 01. – С. 379.

4. Kalmuratov, B. S. "The current state of innovative development of the construction industry of the republic of Uzbekistan. ISJ Theoretical & Applied Science,(02 (82)), 455-463." (2020).

5. Калмуратов Б. С. и др. Инновационное развитие строительной отрасли как экономическая категория объекта управления //International journal of advanced research in education, technology and management. – 2023. – Т. 2. – №. 2.

6. https://lex.uz/docs/5841063

7. https://nrm.uz ham http://www.lex.uz saytlar maǵlıwmatları

8. https://lex.uz/acts/29905

Research Science and Innovation House